



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 14 mas 2012

**GOUVENE CUOMO, LIDE MAJORITE SKELOS, AK PREZIDAN SILVER ANONSE AKO SOU LWA
EVALYASYON PWOFESE ISTORIK LA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a, ak Prezidan asanble Sheldon Silver anonse jodi a akò sou lejislasyon ki pou mete sou fòm lwa nouvo sistem revolisyone pou evalyasyon pwofesè ak direktè lekòl Gouvènè a, kap etabli kleman New York kòm lidè nasyonal nan responsablize lekòl.

Nouvo sistèm evalyasyon an pral bay nòm kle ak konsèy enpòtan nan distri skolè lokal yo pou egzekisyon evalyasyon pwofesè yo ki baze sou plizyè mezi pèfòmans ki enkli rezilta elèv ak obsèvasyon rigoure salklas. Lejislasyon an respekte angajman New York la a pou mete sou pye yon veritab sistèm efikas antanke kondisyon pou 700 milyon dola ki bay atravè pwogram federal *Race to the Top*.

"Nap enskri nan lwa yon nouvo modèl nasyonal pou evalyasyon pwofesè ki pral mete elèv nou devan epi mete Eta New York devan klas la lè se zafè responsablite, te deklare gouvènè Cuomo. "Nouvo evalyasyon atrave eta a detemine nom kle pou mezire edikasyon sou baz kijan timoun ap pefome nan salklas, pou nou ka asire timoun nou yo gen pi bon opotinite pou lavni. Mwen felisite lidè palmantè yo pou etap ekstraodine sa a yo franchi pou kreye vre evalyasyon pèmanan nan lekòl nou yo."

Lide Majorite Sena a, Dean G. Skelos te deklare, "Akò sa sou evalyasyon pwofesè lekòl yo pral amelyore responsablite nan distri skole atravè New York epi bay elèv nou yo edikasyon premye klas yo merite. Mwen felisite Gouvènè a paske li te travay ak Legislati a ak pou travay li sou kesyon enpòtan sa a epi tou swete fè plis ankò pou ede timoun nou yo fè konpetisyon epi reyisi pou yo ka prepare tet yo pou vinn lidè demen nan biznis, edikasyon, ak nan tout kominote nou yo."

Prezidan Asanble Eta Sheldon Silver te deklare, "Lwa sou evalyasyon pwofesè nou te adopte a gen 2 zan sa te ede bay finansman federal Race-to-the-Top \$700 milyon pou lekòl New York yo. Sa pral bay nom konplè pou itilizasyon divès mezi pou evalye efikasite pwofesè ak ede pwofesè yo devlope ak amelyore. Mwen felisite Gouvènè a pou angajman li pou bay elèv nou yo pi bon sistèm edikasyon posib."

Haitian Creole

Detay plan an konfomeman ak lejislasyon an se:

Pèfòmans Pwofesè – 60 pwen

Dapre akò a, 60 pousan evalyasyon pwofesè yo pral baze sou evalyasyon pèfòmans pwofesè ki sevè epi ki gen rekonesans nasyonal. Akò a egzije pou yon majorite pwen pou pèfòmans pwofesè yo baze sou obsèvasyon yon administratè oswa yon direktè lekòl fè nan salklas yo, epi omwen yon obsèvasyon yo fè san yo pa anonse sa. Rèl pwen yo ap baze sou prensip ki defini, tankou obsèvasyon evalyatè endepandan ki fòme, obsèvasyon kamarad klas, remake evalyatè yo bay elèv ak paran yo, ak prèv pèfòmans nan pòtfolyo elèv yo.

Siksè Elèv yo nan Eta a ak Evalyasyon Lokal yo- 40 pwen

Dapre akò a, 40 pousan evalyasyon yon pwofesè pral baze sou yon siksè akademik elèv yo, avèk 20 pousan nan egzamen eta a ak 20 pousan nan yon lis twa (3) chwa egzamen, tankou egzamen eta a, evalyasyon/egzamen twazyèm pati avèk apwobasyon SED ak egzamen yon devlope sou plan lokal k ap depannde revizyon ak apwobasyon SED. Dapre plan an, distri lekòl yo ap gen chwa pou itilize egzamen eta a pou evalye jiska 40 pousan klasman yon pwofesè.

Sistèm Klasman

Akò a ranfòse nèt sistèm pou bay nòt la pou asire yo konsidere siksè elèv yo ak pèfòmans pwofesè yo kòrèkteman pou klasman pwofesè yo. Pwofesè oswa direktè lekòl yo jwenn ki pa efikas nan evalyasyon a nan 40 pwen yo pa kapab resevwa yon nòt jeneral kòm pwofesè oswa direktè k ap devlope.

Ki pa efikas: 0 – 64

K ap devlope: 65 – 74

Ki efikas: 75 – 90

Ki efikas anpil: 91 – 100

Sistèm Alokasyon Pwen pou Klasman an

Pou premye fwa, akò a fikse yon prensip pou distri lekòl yo ak sendika pwofesè yo pou fikse afektasyon pwen yo oswa "koub" pou klasman pwofesè yo. Yo dwe afekte koub la nan yon manyè yo pwofesè kapab resevwa youn nan kat (4) klasman yo, epitou Manm Komisyon SED la ap kapab rejte koub yo fikse nan yon manyè ki pa jis.

Revizyon Final Manm Komisyon SED

Pou premye fwa, akò bay Manm Komisyon SED otorite pou apwouve oswa pou pa apwouve plan evalyasyon lokal yo kwè ki pa ase. Sa ap ajoute severite nan pwosesis la, epitou l ap asire plan evalyasyon yo respekte lalwa.

Haitian Creole

Pwosesis Kontestasyon Rapid Vil New York

Anons jodi a gen ladan tou yon pwosesis kontestasyon rapid ak senp pou Distri Lekòl Vil New York k ap vin annaplikasyon apati 17 janvye 2013 si Minisipalite Vil New York ak UFT dakò pou yon sistèm evalyasyon jeneral.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418